

Ki Jan Pou Fè Yon Fou

Ki Fè Manje Vit



- **Li fè manje vit**
- **Li fè epany chabon ak bwa**
- **Chòdyè pa ka chavire**
- **Li pwoteje timoun pou yo pa boule**
- **Li pwoteje kò ou paske ou pa gwoupi nan fè manje**

Prezante pa Madam Grimard Abèl

Men sa ou pral bezwen pou fè fou manje vit la

1



Fou a konpoze de 3 kaoutchou, 3 ti mamit, 2 gwo mamit, yon tòl griyaj, e tè.

3



2 gwo mamit yo pou rale sann, yo sitiye nan dezyèm kaoutchou a

5



Ou pral bezwen 3 kaoutchou ki pa two gwo. Fòk chòdyè ou konn sèvi plis antre anndan l.

2



3 ti mamit yo pou pase bwa nan dife. Yo dwe ouvè tou le de bò pou bwa yo pase.

4



2 Gwo mamit yo dwe ouvè tou le de bò pou ou ka pase men ou pou rale sann yo.

Gen 2 kalite kaoutchou sa ki gen fil fè anndan l, e sa ki gen kòd anndan l. Ou pap ka koupe sa ki gen yon fil fè anndan l. Konsa chèche kaoutchou yo ki pa gen fil fè anndan yo. Kaoutchou an ba se pou ba ote sèlman, ou pap bezwen koupe l. Konsa li met gen fil fè san li ba ou pwoblèm.

30



3 twou yo pou pase bwa pou dife. Fou a tèlman kit manje vit, se sèl ti moso bwa li bezwen.

31



Menm jou fou a fini ou mèt sèvi avèk li. Sanble dife ak papyè, katon, e ti moso bwa.

32



Bèl bagay!

24



Tanzantan tcheke pou wè si fou a ka kenbe chodyè ou konn sèvi toutan. Si twou a two gwo, travay la poko fini.

26



Lè fou a ka kenbe chodyè a ou prèske fini.

28



Gadè pou wè si twou griyaj la pa bouche e pi si twou 3 ti mamit yo pa bouche.

25



Kontinye mete mòtye sou fou a. Pa bouche griyaj la, pa bouche 3 ti mamit yo.

27



Mete mòtye anwo pou fè fou a bèl. Mouye tè a pou fè li pi swa.

29



Ala bèl ti fou a bèl!

Fè Twou Pou Mamit Yo Nan Kaoutchou Yo

6



3 Ti mamit yo pral anndan kaoutchou anwo a pou bwa pase.

8



Trase diamèt twou a ak yon lakre sou kaoutchou a.

10



Sèvi ak yon ti kouto ak lwil. Mete lwil chak fwa li vin di.

7



Koupe 3 twou nan kaoutchou an wo a pou ti mamit yo nan pozisyon 3 wòch anba chodyè.

9



Mete yon ti lwil sou kaoutchou a pou kouto a koupe fasil. Fòk li byen file.

11



Yon ti moman li fè twou a. Kontinye konsa pou 2 lòt twou yo.

Kòmanse Konstwi Fou A

12



Mete kaoutchou ou pate koupe okenn twou sou li atè kote ou vle fou a rete .

14



Kaoutchou nan mitan pral gen 2 twou pou 2 gwo mamit. Fè twou yo yonn anfas lòt.

16



Lè dezyèm kaoutchou a prèske plen, mouye tè a e fòme yon chanm pou sann yo tonbe. Fè yon koulwa pou sann yo ka soti bò 2 mamit yo.

13



Plen kaoutchou a ak sab ou tè. Boure sab la pou plen li nèt. Wòl li se pou bay fou a otè sèlman.

15



Mete dezyèm kaoutchou anwo sa ki atè. Mete 2 mamit yo e kòmanse plen li ak tè menm jan men pa plen mamit yo.

17



Fè yon griyaj pou kenbe chabon yo. Fè yon pakèt twou anndan l pou pèmèt sann yo pase.

18



Fòk griyaj bouche twou nan mitan kaoutchou a. Men li dwe pi piti pase diamèt kaoutchou a.

20



Plen tout anndan twazyèm nan ak sab. Ou mèt sèvi ak tè ou sab.

22



Fè yon chanm pou dife ak labou a.

19



Mete twazyèm kaoutchou anwo griyaj la. Se twazyèm nan ki gen 3 twou pou 3 ti mamit yo.

21



Lè twazyèm nan kòmanse ap plen, prepare yon labou ak tè pou fè mòtye pou fòme fou a.

23



Kouvri kaoutchou a pou li pa boule lè fou a gen dife.